# GULMURAT SHAYÍR HÁM FOLKLOR

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***
*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı*
*elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

**Annotaciya**. Bul jumısta qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatında óshpes iz qaldırǵan talantlı shayır hám belgili folklor jınawshı Gúlmurattıń ómiri hám dóretiwshilik jolı izertlenedi. Avtor óz qosıqlarında xalıqtıń dárti, arman-tilekleri hám watansúyispenshilik sezimlerin sheberlik penen sáwlelendirgen. Sonıń menen birge, onıń qaraqalpaq awızeki dóretiwshiligi úlgilerin jıynaw, saqlaw hám kelesi áwladqa jetkeriwdegi baha jetpes miynetleri keńnen analizlenedi. Izertlew qaraqalpaq ádebiyatı, folklorı hám tariyxı menen qızıǵıwshı kórkem óner tarawındaǵılar, studentler hám kitapxanalar ushın arnalǵan.

**Gilt sózler.** Qaraqalpaq ádebiyatı, Gúlmurat shayır, folklor jınawshı, awızeki dóretiwshilik, milliy miyras, kórkemlik, dástanlar, watansúyispenshilik, ádebiy miyras.

Gúlmurat shayır ádebiyat tariyxında lirik shayır sıpatında belgili orın tutadı. Shayır 1832-jılı tuwılıp, 1897-jılı qaytıs bolǵan. Onıń tuwılıp ósken jeri Aral teńiziniń túslik-shıǵıs jaǵalawı bolǵan. Bul jerler házir Moynaq hám Taxtakópir rayonlarınıń aymaǵı esaplanadı. Ol orta hallı shańaraqta tuwılıp turmıstıń barlıq awırmanlıqların bastan keshirgen. Gúlmurat óz dáwiriniń belgili shayırı Sarıbay menen dos hám zamanlas bolǵan. Ekewiniń bir-birine házil etip aytıs túrinde jazǵan qosıqları da bar. Bul qosıq óziniń sociallıq mazmunı boyınsha ayrıqsha áhmiyetke iye bolıw menen birge, eki shayırdıń ómirbayanına tiyisli maǵlıwmatlar beredi. Aytısta súwretleniwine qaraǵanda, Gúlmurat turmıstıń barlıq awırmanlıǵın kórgen hám óz dáwiriniń sawatlı adamlarınıń biri bolǵan. Óytkeni, onıń Sarıbay shayır menen aytısı bir birine xat jazıw arqalı bolǵan. Gúlmurat óz qosıqlarında xalıqtıń awır turmısınıń aya nıshlı kórinislerin súwretleydi. Onıń qosıqlarında da sol dáwirdegi ayırım el basqarıwshılardıń zulımlıq háreketleri súwretlenedi. Gúlmurat shayırdıń «Qayda baraman», «Nadan ekenseń», «Qayrawda jalǵız ǵaz» qosıqlarınan basqa da «Qurǵan qaq panıma túlki túspedi», «Torı atım», «Qızları bar biziń el diń» «Taz kebińe» degen qosıqları hám Sarıbay shayır menen aytısı bizge kelip jetken. Shayırdıń «Qızları bar biziń eldiń» qosıǵı xalıqtıń táriyip qosıqlarınıń úlgisinde jazılǵan. «Qurǵan qaqpanıma túlki túspedi» qosıǵı ańshılıq temasına arnalǵan. «Torı atım» qosıǵında bolsa shayır qolındaǵı jalǵız torı tayın maqtaydı. Shayırdıń basqa qosıqları menen bir qatarda bul qosıqları da Gúlmurattıń balıqshılıq, ańshılıq penen kún keshirgenligi haqqında maǵlıwmat beredi. Shayırdıń atı atalǵan qosıqlarında qollanılǵan kórkemlew quralları da kóbinese onıń ózi jasaǵan teńiz jaǵasındaǵı turmıstan alıp jazılıp, balıqshılıq, ańshılıq kásibine tiyisli

sózlerdi de kóplep paydalanǵanlıǵı sezilip turadı.

K.Allambergenovtıń miynetin úsh bapqa bólip jazǵanlıǵın kóremiz. Bunda úshinshi babın «Aytıslardıń bunnan bılayda rawajlanıwı. Jazba aytıslar» dep alǵan. Bul baptıń birinshi bóliminde – «Jazba-xat aytıslardıń rawajlanıw baǵdarları»[1] tuwralı aytılǵan. Bul bólimde jazba-xat aytıslardaǵı shayırlardıń bir-biriniń «minip» kórsetiwdi zaman shınlıǵın beriwdiń bir usılı sıpatında qollanıwshı bul sıpat Sarıbay menen Gulmurattıń aytısında da tolıq ańlasıladı. Bul aytısta da shayırlar bir-birin sınap-minep atırǵanday bolıp kóringeni menen, olar usı sınap-minewdiń ózin dáwir shınlıǵı-sociallıq teńsizlikti kórsetiwdiń bir usılı sıpatında paydalanadı.

Pálekti wayranlap dońızdıń izi,
Xalıqqa málim padalınıń minezi,
Wayran salıp qawınıńda júrgenin,
Gulmurat kóripti ákeńniń kózi.

Aytıstıń tolıq mazmunına qaraǵanda, Gulmurat turmıstıń barlıq awırmanlıqların bastan keshirgen. Ákesin qawın qorıp otırǵan jerinde shoshqa jarıp óltirip, jaslayınan jetim qaladı. Bul haqqında Sarıbay:

Ákeńniń ólgenin qaǵazǵa jazǵan,
Sheshenlikte jurttan ótken Sarıbay.

- dep keltiredi.

Sarıbay Gulmurattıń ómirindegi usı ashshı shınlıqtı aytıw arqalı Gulmurattı emes, Gulmurattıń ákesi sıyaqlı bir neshshe on mıńlaǵan jarlı miynetkesh massanı ashlıq, jalańashlıqqa duwshaker etip, teńsizlik dártine griptar etip «jarıp óltirip» atırǵan «dáwir dońızları» - ústem toparlardı áshkaralawdı bas maqset etken.

Bul ideya Gulmurattıń Sarıbayǵa jazǵan juwabında jáne de ayqınlasa túsedi. Juwapta Gulmurat ta Sarıbay sıyaqlı onıń jarlıshılıǵın sınap-minep otırǵanday bolıp, Sarıbay kórsetiwge umtılǵan sociallıq teńsizliklerdi ózinshe janlı mısallar menen dálillewge tırısadı. Gulmurattıń pikirinshe, bul turmıstıń tańlanatuǵın jeri joq, jarlılıq ústem klasslar ómir súrip turǵan dáwirde hámmege teńdey hásiret:

Ayıp aytıp xat jazıpsań, Sarıbay,
Men nesine deyin onıń apırmay.

Bul jarlıshılıq, hátte, Sarıbaydıń óz basınan da awlaq emes. Gulmurattıń áke-sheshesi sıyaqlı onıń áke-sheshesi de bul dúnyada jaqtılıq kórmegen adamlar bolǵan.

Jaman tonı dizesine jetpegen,
Sarıbay jartıwmash ákeń bar edi,
Iytler tartıp kóyleginiń etegin,
Ayran sorap júrer edi sheshеńiz,
Qıstıń kúni jerdiń júzi qar edi,

[1] Аллямбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. Қарақалпақстан, 1989. 100-бет.

Eki adam sıymastay ózi tar edi,
Ústine jıǵılǵan jáne tutıwsız,
Ákeńizdiń jaman qosı bar edi.

Gulmurat bul turmıs waqıyalarınan: «mine, usınday jarlı adamlardıń shańaraǵında dúnyaǵa kelgen Sarıbaydıń óz awhalı onnan bes-beter ayanıshlı» degen mazmun keltirip shıǵaradı. Juwapta keltiriwinshe, Sarıbay toǵız jasına kelgende bul jaman qosıǵı da jıǵılıp, ata-anası ábden jarlılanıp qaladı. Onıń ústine eldegi asharshılıq olardıń janına jaman batadı. Áke-sheshesi qul bolıp kisi esiginde islese de, bala-shaǵa asıray almaydı. Aqırı toǵız jasar Sarıbaydıń «qısı-jazı eki batpan tarıǵa» Ernazar baydıń ılaq-qozıların baǵıwǵa májbúr boladı. Onıń bul talabı da kelispeydi. Dúzde ılaq baǵıp júrgende, bir ılaǵın qasqır jep ketkeni ushın Ernazar bay onnan qunın óndirip aladı. Bul waqıtları ata-anası da qartayıp, fizikalıq miynet islewge jaramsız bolıp qaladı. Endi olar kún kóris tamaǵı ushın jalǵız qızın – Sarıbaydıń qız apasın Qazalı jaqtan kelgen birewge úsh batpan tarıǵa satıp jiberiwden basqa iláj isley almaydı:

Men aytayın shekken jábir japańdı,
Ákeń menen sesheń ólmesin oylap,
Shar bazarǵa saldı jalǵız apańdı.

Biraq bul úsh batpan tarı da olardıń kún kórisin jaqsarta almaydı. Ashlıqtan ákesi, keyninen «masaq terip júrgende» sheshesi qaytıs boladı. Solay etip, sociallıq teńsizliktiń sebebinen bir shańaraq toz-toz bolıp ketedi. Jekke bası qalǵan Sarıbaydıń áke-sheshesin arıw kepinlep kómiwge de, «Qazalıda jılay-jılay eki kózi kór» bolıp júrgen qız apasına jaqsılıq etiwge de shaması kelmeydi, usılayınsha jarlıshılıq turmısqa ómir boyı shatılıp qaladı.

Gulmurat aytqan jarlılıq turmıs Sarıbay súwretlegen turmıstan hesh te qalıspaydı. Qaytama Sarıbaydıń jarlıshılıǵı Gulmurattıń jarlıshılıǵınan da ozıp túsedi. Shayırlar usı jarlıshılıq turmıstı «jarıstırıw» arqalı, yaǵnıy bir-birin «sen mennen de jarıstısań» dep sınap-minew arqalı dáwir haqıyqatlıǵın, sol dáwirge tán sociallıq eziwshilikti, klasslar arasındaǵı ayırmashılıqtı, ústem toparlardıń miyrimsizligin, sol dáwirdegi miynettiń bahasızlıǵın, hayal-qızlar teńsizligin kórsetiwdi óz aldılarına bas wazıypa etip qoyǵan hám bul wazıypaların inabatlı atqarǵan. Sonlıqtan da Gulmurat óz juwabınıń sońında Sarıbayǵa «bul máseleni tolıq sheshtik, endi bul shınlıqtı ashıq-aydın ayta bermeyik, súwretlewdiń basqasha formaların tabayıq» degen mánide bir qansha eskertiwler jasaydı:

Bir iret eskertiw berdim ózińe,
Ekinshi iret sóz ǵıp júrme, jamanım.
Dúzde júrip sandalama, jamanım.
Shayır bolsań qılıp aytsash ózime.

Gulmurattıń Sarıbayǵa aytıp otırǵan bul gápleri de real shınlıqtan kelip shıqqan oy juwmaǵı edi. Sebebi, ekspluataciya óziniń eń biyik shıńına shıǵıp turǵan dáwirde

bul problemalardı ashıq-aydın ayta beriwge de bolmaytuģın edi. Sonlıqtan da shayırlar dáwir shınlıģın, ústem klasslardıń eziwshilik háreketlerin áshkaralap kórsetiwdiń – jańa formaların izlestiriwge májbúr boldı. Bul jańa formalar keyinirek Sarıbaydıń óz tvorchestvosı menen qatar, Qulımbet, Mámbetniyaz, Ábdiqádir, Sıdıq, Ayapbergen, Seyfulǵabit sıyaqlı shayırlarımız tárepinen tabılıp ta barıldı. Olar jazba –xat aytıslardı formalıq jaqtan bayıtıp, mazmun jaģınan jáne de ilgeriletiwge tústi. Nátiyjede jazba – xat aytıslar tariyxta jańa tvorchestvolıq tradiciyalar payda bola basladı. Usınday jańa forma, jańa tradiciyalardıń biri sıpatında ádebiyatımızda jumbaq aytısı kelip shıqtı.

Juwmaqlap aytqanda, Gúlmurat shayırdıń dóretiwshiligi hám folklor tarawındaģı xızmetleri qaraqalpaq mádeniyatınıń altın fondın quraydı. Ol óziniń kórkem qosıqları arqalı xalıqtıń ruwxıy dúnyasın bayıtsa, folklorlıq miyrasları menen milliyligimizdi saqlap qalıwǵa baha jetpes úles qostı. Shayır miyrasın úyreniw – tek ǵana ótken zamandı eslew emes, al kelesi áwladtı watansúyispenshilik hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye. Onıń qaldırǵan ádebiy jolı hám ilimiy miynetleri qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında mudamı bálent orında turadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. Қарақалпақстан, 1989.
2. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1985-жыл.
3. Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл.
4. Қарақалпақ фолклоры. 78-том. Әпсаналар. Қуслар патшасы. Нөкис, Илим, 2014.
5. Қарақалпақ фолклоры. 89-том. Нақыл-мақаллар. - Нөкис, Илим, 2015.